

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Penca silat téh kaasup kana seni beladiri anu diciptakeun pikeun nyingkahan bahaya nu ngancam kasalametan. Dina *KBBI*, penca silat dihartikeun “*permainan (keahlian) dalam mempertahankan diri dengan kepandaian menangkis, menyerang dan membela diri dengan atau tanpa senjata.*” Aya ogé anu medar yén Penca Silat téh mangrupa gerak béla diri ‘*tingkat tinggi*’ anu dibarengan ku perasaan, nu matak penguasaan gerak kudu éféktif jeung bisa dikendalikeun.

Penca silat téh mangrupa salah sahiji budaya daérah anu kudu dimumulé tur dipiara sangkan teu kaéléhkeun ku budaya séjén. Ieu penca silat téh mangrupa warisan ti karuhun jaman baheula nu kiwari teu ngan ukur dijadikeun alat béla diri wungkul, tapi dijadikeun sarana hiburan di masarakat.

Di Indonésia, budaya téh sok dipatalikeun jeung idéntitas bangsa, ciri has bangsa ogé ciri has daérah. Unggal daérah biasana miboga ciri has séwang-séwangan, kitu ogé di daérah Jawa Barat. Budaya Jawa Barat idéntik jeung budaya Sunda, sabab di Jawa Barat mayoritas masarakatna Sunda. Ayana ieu budaya lantaran kabiasaan-kabiasaan anu mindeng dilakukeun ku masarakat, contona kabiasaan-kabiasaan saperti kasenian, upacara adat, agama, teknologi, nepi ka pakakas nu dipaké sapopoé bisa disebut budaya. Kitu ogé penca silat. Penca silat téh salah sahiji kasenian di Jawa Barat anu raket patalina jeung béla diri. Penca silat disebut hiji budaya sabab penca téh mangrupa kabiasaan masarakat boh dina segi seni boh dina segi béla dirina.

Penca silat mangrupa budaya Sunda anu ngandung ajén-inajén, boh tina segi filosofis, kaagamaan, sosiologis, boh éstétis. Salah sahiji ajén anu katitén dina ieu kasenian nya éta ajén éstétis (kaéndahan). Salian ti ibing, waditra nu dipaké mirig jeung pakéan nu menca sok jadi puseur panitén nalika lalajo. Kiwari aya sababaraha

paguron penca silat nu teu ngan ukur fokus kana béla dirina wungkul, tapi dibarengan ku unsur kaéndahan dina unggal ibingna.

Kurangna minat masarakat kana penca silat ngabalukarkeun ieu kasenian téh kurang dipikaresep. Kiwari, minat masarakat kana ieu kasenian téh kurang, sabab ieu kasenian kurang dipikawanoh. Balukarna, masarakat hésé ngabédakeun mana penca silat nu kaasup kana seni, mana penca silat nu kaasup kana olahraga. Penca silat kaasup kana seni sabab dina kasenian penca silat biasana leuwih museur kana kaéndahan ibing, musik jeung kostumna, béda deui jeung olahraga silat, ari olahraga silat mah leuwih museur kana béla diri, teu pati merhatikeun unsur-unsur séjénna.

Koentjaraningrat (2011, kc. 10) nétélakeun *“kebudayaan adalah keseluruhan sistem gagasan, tindakan, dan hasil karya manusia dalam rangka kehidupan masyarakat yang dijadikan kehidupan milik diri manusia dengan belajar”*.

Kabudayaan miboga sababaraha cabang, salah sahijina nya éta kasenian. Kasenian mangrupa sarana nu digunakeun masarakat pikeun ngaéksprésikeun rasa kaéndahan dina jiwa manusa. Sacara umum, kasenian bisa dijadikeun sarana pikeun maheutkeun rasa duduluran antar masarakat.

Kasenian téh dibagi jadi dua, aya kasenian tradisional jeung kasenian modern. Kasenian tradisional biasana mekar sacara turun-tumurun jeung teu sakabéh jalma ngarti kana ma'na nu aya dina kasenian tradisional. Nu ngarti kana kasenian tradisional biasana kolot, sesepuh, atawa jalma nu neuleuman kana kasenian tradisional. Di jaman kiwari, éfék globalisasi saeutikna bakal ngamunculkeun kabudayaan anyar, nya éta kabudayaan modern. Kabudayaan tradisional lamun teu bisa ngirut masarakat, lila-lila bakal ngabalukarkeun masarakat leuwih resep kana budaya modern tibatan budaya tradisional. Kasenian tradisional lila-kalilaan bakal leungit lamun masarakatna kurang wanoh kana kasenian tradisional. Masalah teu wanohna masarakat kana kasenian tradisional bakal ngabalukarkeun kurang ngirutna masarakat kana éta kasenian. Komo dirojong deui ku robahna jaman, otomatis

kasenian tradisional gé saeutik-saeutik bakal robah, lila-lila bakal béda jeung aslina. Ku kituna, perlu ditarékahan pikeun ngadokuméntasikeun kasenian tradisional, hususna di Sunda, sangkan kasenian tradisional teu kaséréd ku kasenian modern, sarta bisa kajaga kaaslianna.

Salah sahiji kasenian anu aya di masarakat Sunda téh nya éta kasenian penca silat. Penca silat nya éta kasenian anu leuwih museur kana béla diri. Penca silat bisa jadi salasahiji alternatif bahan pangajaran ogé ngamekarkeun kasenian Sunda tradisional. Dina pangajaran basa Sunda, penca silat bisa dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan kesenian tradisional di SMA. Ieu hal saluyu jeung standar kompetensi ogé kompetensi dasar tingkat SMA kelas XII ngeunaan kasenian tradisional.

Ku diayakeunana ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngawanohkeun deui penca silat ka masarakat, hususna masarakat di tatar Sunda. Ieu hasil panalungtikan téh dipiharep bisa dijadikeun dokumén sangkan kasenian penca silat téh terus dipikawanoh. Salian ti éta, dipiharep ogé sangkan para nonoman bisa leuwih wanoh, nyaah, resep, jeung miboga tarékah pikeun ngamumulé tradisi karuhun baheula nya éta kasenian penca silat. Salaku urang Sunda nu diwariskeun kasenian penca silat, dipiharep leuwih apal tur weruh kana ajén-inajén anu nyangkaruk dina éta penca silat.

Aya sababaraha panalungtikan nu geus dilaksanakeun patali jeung penca silat, di antarana: 1) "Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Desa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII", ku Tiya Komalasari taun 2013. 2) "Istilah-Istilah dina Kasenian Penca Silat Panglipur di Kalurahan Balééndah Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung pikeun Salah Sahiji Alternatif Bahan Ajar Maca Bahasan Kasenian di SMA Kelas XII" ku Dini Anggriani taun 2013. 3) "Ajén Éstétis dina Penca Silat Maénpo Cikalong Padépokan Maénpo Cikalong di Kampung Warujajar Kelurahan Solokpandan Kecamatan Cianjur Kabupatén Cianjur pikeun

Bahan Pangajaran Maca Bahasan Kasenian di SMA Kelas XII”, ku Nistia Mawarni Fawzia.

Dina sababaraha panalungtikan nu geus ditétélakeun saméméhna, aya sawatara hal nu ampir sarupa, boh dipatalikeun jeung ajén éstétis boh dipatalikeun jeung hal-hal séjénna. Panalungtik miharep ieu hasil panalungtikan téh bisa mangpaat, hususna keur nu nalungtik, umumna keur masarakat. Sabab nu nalungtik ngeunaan ajén éstétis anu nyangkaruk dina kasenian penca silat téh masih kawilang jarang, komo deui dina kasenian penca silat modern.

Dumasar kana masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan téh dijudulan “Struktur jeung Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Paguron Pusaka Mekar Putri Domas di Désa Cikahuripan Kecamatan Lémbang Kabupatén Bandung Barat pikeun bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA kelas XII”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Sangkan masalah dina ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan, nya éta ieu dihandap:

1. Kumaha sajarah jeung kamekaran Paguron Pusaka Mekar Putri Domas nu aya di Désa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat?
2. Kumaha prak-prakan Kasenian Penca Silat Pusaka Mekar Putri Domas nu aya di Désa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat?
3. Kumaha istilah jeung properti dina Kasenian Penca Silat Pusaka Mekar Putri Domas nu aya di Désa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat?
4. Kumaha unsure, fungsi jeung ajén éstétis anu nyangkaruk dina Kasenian Penca Silat Pusaka Mekar Putri Domas nu aya di Désa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat?

5. Kumaha larapna Kesenian Penca Silat pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, diantarana aya tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaguar deui kasenian buhun ogé ngirut masarakat sangkan leuwih resep jeung leuwih wanoh kana kasenian penca silat, sarta ngawanohkeun sajarah kasenian penca silat di Paguron Silat Pusaka Mekar Putri Domas anu aya di Désa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis:

1. Sajarah lahirna paguron Pusaka Mekar Putri Domas di Désa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat;
2. Prak-prakan Kasenian Penca Silat di Paguron Silat Pusaka Mekar Putri Domas anu aya di Desa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat;
3. Istilah jeung Properti dina Kasenian Penca Silat di Paguron Silat Pusaka Mekar Putri Domas anu aya di Desa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat;
4. Unsur, Fungsi jeung Ajén Éstétis anu aya dina Kasenian Penca Silat di Paguron Pusaka Mekar Putri Domas anu aya di Desa Cikahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat, sarta

5. Kasenian penca silat Pusaka Mekar Putri Domas pikeun pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat anu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.

### **1.4.1 Mangpaat Teoritis**

Sacara teoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan budaya, hususna kabudayaan nu aya di masarakat Désa Cikaipuripan Kecamatan Lémbang Kabupatén Bandung Barat, boh keur nu maca boh keur nu nalungtik, ogé masarakat lianna.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun masarakat, di antarana:

1. pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan penca silat Pusaka Mekar Putri Domas nu aya patalina jeung dunya atikan;
2. nambahan pangaweruh ngeunaan pintonan buhun, sangkan masarakat bisa nyindekeun sanggeus maca ieu panalungtikan;
3. Bisa dijadikeun salah sahiji sumber bahan pangajaran di SMA;

## **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga nulis dina ieu skripsi nya éta:

BAB I Bubuka

Medar ngeunaan kasang tukang masalah, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tinulis. Dina ieu bab, eusina ngeunaan kontéks tina masalah anu ditalungtik.

## BAB II Ulikan pustaka

Medar ngeunaan téori seni, téori éstétika dina kasenian penca silat jeung bahan pangajaran maca.

## BAB III Méthode panalungtikan

Medar ngeunaan sumber data, desain panalungtikan. Méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

## BAB IV: Bahasan

Medar ngeunaan eusi panalungtikan nu mangrupa jawaban tina masalah-masalah anu dirumuskeun dina rumusan masalah.

## BAB V: Kacindekan jeung saran

Medar ngeunaan kacindekan jeung saran. Kacindekan mangrupa hasil nafsirkeun jeung ngamaknaan hasil analisis ku cara nuliskeun hal-hal penting nu bisa jadi mangpaat pikeun nu maca. Saran mangrupa sawangan ti nu nulis, kana panalungtikan satuluyna.